



Pou Piblikasyon Imedya: 06/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON OUVRI KOUNYEYA POU PWOGRAM REKIPERASYON DEZYÈM KAY YO POU MÈT KAY LAKE ONTARIO YO**

***Jiska 8 Milyon Dola Disponib pou Mèt Kay Kalifye ki gen Dezyèm Kay yo nan kad 20 Milyon Dola Pakè Asistans Global pou Mèt Kay la***

***Apikasyon Pou Dezyèm Kay yo Ouvri 6 Novanm jiska 10 Desanm***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a peryòd aplikasyon pou Pwogram Rekiperasyon ak Soulajman pou Inondasyon (Flood Relief and Recovery Program) Lak Ontario-Rivyè St. Lawrence 2019 la ouvri kounye a pou mèt kay yo ki kalifye ke inondasyon istorik Lak Ontario a soti 1e Janvyè pou 2019 pou rive 30 Septanm 2019 la te afekte. Pwogram Rekiperasyon ak Soulajman 2019 lan pral bay jiska 8 milyon dola pou mèt dezyèm kay ki kalifye yo epi li administre atravè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York.

Rezidan yo ki gen dezyèm kay nan Konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence ak Wayne kounyeya elijib pou aplike pou resevwa jiska 50,000 dola nan finansman eta a pou ede konpanse domaj nan rezidans yo. Y ap aksepte apikasyon pou dezyèm kay yo de 6 Novanm jiska 10 Desanm

"Konsekans inondasyon istorik sou rivaj Lak Ontario ak Rivyè St Lawrence River lan te gen yon enpak dezastre, e nou gen chans pou gen resous ki disponib pou ede ak reparasyon toude rezidans yo primè ak segondè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap anbake nan pwojè rekonstriksyon ak rezistans nan tout rejyon an, li enpòtan tou pou New York bay asistans finansye pou ede pwopriyetè kay nan kominote sa yo avèk efò rekiperasyon yo."

Kritè pou aplikasyon pou pwopriyetè kay yo gen ladan:

- Mèt kay ki te afekte pa inondasyon 1ye Janvyè 2019 jiska 30 Septanm 2019.
- Y ap aksepte aplikasyon mèt dezyèm kay yo de 6 Novanm 2019 jiska 10 Desanm 2019.
- Mèt dezyèm kay ki gen yon revni kalifye ki pi piti pase 275,000 dola ka aplike. Sepandan, y ap bay priyorite a moun ki gen yon revni kalifye de 175,000 dola oswa mwens.
- Yo pral konsidere finansman pou adrese domaj nan kay segondè yo apre tretman aplikasyon rezidans prensipal yo, ki ap gen priyorite. Mèt prensipal yo dwe aplike avan delè 31 Oktòb 2019 la.

Applikasyon yo, gen ladan lis konplè kritè kalifikasyon yo, disponib sou [Sitwèb Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York](#).

Finansman an konplete kreyasyon REDI Gouvènè Cuomo a, ki gen ladan yon komisyon ki gen plizyè ajans ki ap etidye fason pou ranfòse ensfrazstrikti nan tout bò dlo Lak Ontario a pandan ke li ap estimile ekonomi lokal rejyon an. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola pou rebati bò rivaj yo, epi tou amelyore rezilyans nan rejyon ki ekspoze ak inondasyon nan tout Lak Ontario a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)